



Itilizasyon Kamera Siveyans nan Pwogram Rezidansyèl yo

Nimewo Politik la: RP-26-06

Dat Piblikasyon: 14 Me 2026

Dat Antre an Vigè: 17 Novanm 2026

Aplikabilite: Tout Pwogram Rezidansyèl ki gen Lisans

KONTÈKS

Anpil pwogram rezidansyèl itilize siveyans kòm yon fason pou ankouraje sante ak sekirite rezidan ki anba swen yo, sipòte responsablite anplwaye yo, asire sekirite jeneral pwogram nan, epi ranfòse ankèt yo. Règleman Depatman Early Education and Care (EEC) egzije pou pwogram rezidansyèl ki itilize kamera pou siveyans oswa rezon sekirite devlope politik ak pwosedi ki gen rapò ak itilizasyon yo. Atravè politik sa a, EEC chèche dekri egzijans pou politik ak pwosedi sa yo.

OTORITE

- 3.03(7)(e)(12): Pou pwogram ki itilize kamera/sistèm pou siveyans oswa rezon sekirite, politik ak pwosedi ki gen rapò ak itilizasyon yo dwe soumèt an konfòmite avèk politik Depatman an.
- 3.04(5)(d)(5): Kòm rezilta vyolasyon regilasyon ki enplike sante ak sekirite, Depatman an ka, selon diskresyon li, egzije yon pwogram pou itilize oswa modifiye siveyans videyo li yo.

DEKLARASYON POLITIK

Tout pwogram ki itilize kamera/sistèm pou siveyans oswa sekirite dwe devlope epi swiv politik ak pwosedi ki gen rapò ak itilizasyon yo. Politik ak pwosedi sa yo dwe apwouve pa EEC epi yo dwe gen ladan:

- Yon deklarasyon ki dekri objektif ak bi pwogram nan ki gen rapò ak itilizasyon kamera/siveyans nan pwogram nan;

- Yon deskripsyon zòn ki anba siveyans yo, ni andedan ni deyò;
- Yon deskripsyon pwosedi pwogram nan pou notifiye rezidan yo, anplwaye yo, ak vizitè yo sou itilizasyon kamera siveyans yo. Notifikasyon an dwe divilge si kamera yo anrejistre ni odyo ni videyo oswa videyo sèlman;
- Yon deskripsyon de fason pwogram nan asire vi prive ak konfidansyalite, ki gen ladan:
 - Ki moun ki ka jwenn aksè ak anrejistreman ak/oswa videyo siveyans yo;
 - Ki moun ki gen aksè ak monitè yo itilize pou siveyans aktif;
 - Ki mezi ki an plas pou asire enfòmasyon yo sekirize epi sèlman moun ki otorize yo gen aksè ak videyo yo; epi
 - Pou pwogram ki anrejistre videyo yo, yon deskripsyon pwosedi pou pataje videyo ak twazyèm pati yo, ki gen ladan EEC, lè sa nesese pou rezon ankèt.
- Yon deskripsyon mezi pwogram nan itilize pou asire vi prive rezidan yo pandan aktivite pèsònèl yo, tankou benyen ak dezabiye, ansanm ak metòd yo itilize pou kominike pwoteksyon vi prive sa yo bay paran ak gadyen yo;
- Pou pwogram ki anrejistre videyo yo, yon deskripsyon fason pwogram nan estoke anrejistreman yo, ki gen ladan:
 - Konbyen tan videyo yo konsève;
 - Ki moun ki gen aksè ak videyo ki estoke yo;
 - Metòd yo itilize pou estoke videyo yo; epi
 - Ki mezi ki an plas pou asire anrejistreman yo sekirize epi sèlman moun ki otorize yo kapab jwenn aksè ak yo.
- Yon deskripsyon fason anplwaye yo resevwa fòmasyon sou itilizasyon teknoloji siveyans lan.

Pwogram yo dwe bay EEC aksè ak tout videyo siveyans anrejistre ki enpòtan lè yo mande sa kòm pati nan aktivite lisans oswa ankèt EEC yo. Videyo anrejistre yo pa dwe modifiye.

Chanjman nan politik pwogram yo sou itilizasyon kamera siveyans yo dwe revize epi apwouve pa EEC anvan yo aplike yo, jan 606 CMR 3.04(5)(k) egzije sa.

An konfòmite avèk 606 CMR 3.04(5)(d)(5), EEC ka egzije yon pwogram pou itilize, oswa modifiye itilizasyon aktyèl li genyen, siveyans videyo lè gen enkyetid kontinyèl oswa ki poko rezoud sou sante ak sekirite. EEC pral travay an kolaborasyon avèk pwogram nan

atravè pwosesis etablisman oswa modifikasyon yon sistèm siveyans ak devlopman oswa amannman politik obligatwa ki dekri pi wo yo.